# QURBANBAY ZÁRETDINOV DÓRETIWSHILIGINDE BALALAR XORI WATAN XORI MISALINDA

Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı

“Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler kafedrası”

Kórkem ónertanıw qániygeligi

3-kurs studenti **Muratbaeva Rayxan**

Ilimiy basshı: **Kamalova G. M.**

**Annotaciya:** Bul maqalada Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artist kórkem- óner ǵayratkeri, belgili kompozitor, oqıtıwshı Qurbanbay Záretdinovtıń Balalar xorı, sonıń ishinde “Watan” atlı xorınıń muzıkalıq tárepten talıqlanıwı haqqında sóz etiledi.

**Tayanısh sózleri:** Namager, atqarıwshı, pedagog, kórkem óner, professional, xalıq namaları, melodiya, qosıq, akkomponiment, talıqlaw.

**Аннотация:** В данной статье рассказывается о музыкальной интерпретации Детского хора Заслуженного артиста Каракалпакстана, известного композитора и учителя Курбанбая Заретдинова, включая хор "Ватан."

**Ключевые слова:** Намагер, исполнитель, педагог, искусство, профессионал, народные мелодии, мелодия, песня, аккомпанемент, интерпретация.

**Annotation:** This article discusses the musical interpretation of the Children's Choir, including the "Vatan" (Homeland) choir, by Honored Artist of Karakalpakstan, renowned composer and teacher Qurbonboy Zaretdinov.

**Key words:** Namager, performer, teacher, art, professional, folk melodies, melody, song, accompaniment, interpretation.

Vokal janrınıń rawajlanıwına kompozitor, shayır, qosıqshı hám álbette pedagoglar áhmiyetli orın iyeleydı. Kompozitorlar ózleriniń óshpes qosıqları menen xalıqtıń kewilinen

orın alıp, vokal janrın hám sonıń menen tikkeley baylanıslı opera, xor janrların da bayıtıwǵa hám rawajlandırıwǵa ózleriniń salmaqlı úleslerın qosıp kelmekte. Xalıq qosıqlarınıń tiykarı uzaq ótmishke barıp taqaladı. Sebebi qosıqlardıń payda bolıwı hám janǵa jaǵımlı nama ırǵaqlarınıń estetikalıq bay mazmunǵa iye bolıwı, bul óz-ózinen payda bolmaǵan. Qosıq adamdı sıyqırlap alatuǵın kúshke iye ekenligi hámmege belgili bolıp, sonlıqtan da sóz benen jetkere almaǵan názik oyların saz arqalı jetkergen.

[1]Qosıqlar tematikası boyınsha hár túrli bolıp, qaraqalpaq xalqınıń turmısında úlken orın tutqan. Haqıyqatında da, olar adam balasınıń tuwılǵanınan baslap ómiriniń aqırına shekem onıń turmısı hám sezimleri menen tikkiley baylanısıp keledi. Folklordaǵı shıǵarmalar menen jazba ádebiyattaǵı shıǵarmalardıń óz ara baylanısı bolǵanı menen olardı bir-birinen ayırıp turatuǵın ózgeshelikler bar. Bul shıǵarmalardıń baslı ózgeshelikleri kóbinese xalıqtıń awzında jasap, xalıqtıń kún kórisi, úrp-ádet, dástúrleri, sezimleri menen tikkeley baylanıslı. Xalıq qosıqları degende xalıqtıń awızeki hám jazba dóretiwshisi belgisiz yaǵnıy dástanlardaǵı dóretpeler túsiniledi. Bul qosıqlar mazmunı hám qurılısı, kórkemligi jaǵınan ápiwayılıǵı menen ajıralıp turadı. Ayırım xalıq namalarınıń atamaları dóretiwshi baqsılardıń atları menen baylanıslı. Nama atamalarınıń bir qanshası tarıyxta bolǵan waqıyalar menen de ataladı. Kompozitorlarımızda bul temalardı óziniń shıǵarmalarında qollanǵan sonıń menen bir qatarda óziniń avtorlıq temalarında keńnen rawajlandırǵan kompozitorlardıń biri Qurbanbay Záretdinovtıń dóretiwshiligindegi “Bul jer ele zor boladı” atamasındaǵı vokal shıǵarmasın talıqlawdı maqul kórdik. Kompozitor dóretiwshilik jolı dawamında kóplegen shayırlardıń dóretpelerine túrli janrdaǵı shıǵarmalar dóretedi.

Mısal etip aytqanda “Anajan”, “Sálem ana topraǵım”, “Búlbúl”, “Búgingi bozataw”, “Aralım ármanım”, “Dayı qız”, “Yosh ber”, “Báhár keldińbe”, “Tań samalına”, “Muhabbat tolǵanısı” sıyaqlı ájayip dóretpelerin keltirip ótsek boladı.

Мазель Л.А. Анализ музыкальных произведений II часть. 2005 - 310 лист

Qurbanbay Záretdinov dóretiwshiliginde iri kólemdegi janrlar da yaǵnıy opera, balet, muzıkalı drama sonday-aq kino ushın muzıkalı shıǵarmaları da bar. Bul dóretpelerge "Tumaris operası", "Nazlımxan sulıw" hám "Qırq qız" baletleri Q. Mátmuratovtıń "Sharyar draması, K.Raxmanov librettosına "Edige", Q. Mátmuratovtıń librettosına "Berdaq" muzıkalı dramalarına, K. Raxmanovtıń "Laqqılar emlewxanada", muzıkalı komediyasına J. Xojanovtıń "Aq tikesh hám kók tikesh" quwırshaq spektakline, M. Nizanovtıń "Tanka", "Qońsılar", "Esjan gór" kinolarına muzıkalar dóretken.

Qurbanbay Záretdinov dóretiwshiliginde xor shıǵarmaları ayrıqsha orınǵa iye. Dáslep ol qaraqalpaq xalıq namaların kóp dawıslı etip qayta islegen bolsa, sońǵı jıllarıol mazmunı hár túrli bolǵan jańa shıǵarmalar dóretip kelmekte. Onıń xor ushın jazılǵan shıǵarmaları arasında I. Yusupov sózine "Aral muńı", "Qaraqalpaqstan", "Watan degen", "Báhár- báhár" sıyaqlı xor qosıqları bar, biz solardıń ishinen Watan atlı xor ushın arnalǵan shıǵarmasın talıqlawdı maqul kórdik.

Kompozitordıń Watan shıǵarması xor ushın arnalǵan shıǵarma bolıp solist hám balalar xorı ushın dóretilgen. Bul xor shıǵarması tiykarınan ápiwayı 2\4 ólshemde bolıp, tonallıǵı c-moll ladında, jay tempte kuplet formasında dóretilgen. Qosıqtıń xarakteri lirikalı bolıp shıǵarma dawamında bir tonallıq hám birdey ólshemde dawam etedi. Qosıq mazmunında Ana Watan tuwılǵan jerdi táriyplep insanlardı Watandı qorǵawǵa shaqırıw, miymandoslıq sezimleri sáwlelenedi. Shıǵarmanıń birinshi bólimi 11 takt kirisiw menen baslanadı.




[2]Bul bólim ulıwma 3 gápten turadı. Tiykarınan bas dawsında tonallıqtıń prima sesti menen baslanıp kvarta aralıǵında háreket etedi, shıǵarmanıń tiykarǵı temasınıń akkamponamentinde yarımlıq, shereklik notalar hám segizlik pauzalar menen bayıtıladı. “Watan” qosıǵı fakturası jaǵınan akkordlı garmoniyalıq bolıp, mazmunı Ana Watandı jırlaw temasında jazılıp, melodiyası bolsa tolqınsıman bolıp, c-moll tonallıǵınıń prima sesinen baslanadı, al akkomponiment terciya hám de tonikanıń aylanısları menen akkord kórinisinde jazılǵan. Nama **mp, mf, f** sıyaqlı dinamikalıq belgiler menen bayıtılǵan.

1-mısal 


Kirisiw bólimi Watan leytmativi menen baylanıslı bolıp melodiya lya frigiy ladınıń prima intervalınan akkomponimenti de sol ladtıń prima sestinen baslanǵan. Onnan keyin

[2] Мазель Л.А. Анализ музыкальных произведений II часть. 2005 - 310 лист

shıǵarmanıń vokal partiyası segizlik ólshemdegi notalar hám pauzalar menen baslanadı. Bul shıǵarmanıń kirisiwden keyin vokal partiyasınıń baslanıwı solist arqalı boladı, Qosıqtıń 4 taktinen keyin balalar xorı qosılıp ol 4 takt dawam etedi.




Onnan keyin jáne solist partiyası baslanadı, Shıǵarma dawamında tonallıq hám ólshemleri ózgermegeni menen repriza yaǵnıy qaytalaw belgileri kóp ushırap turǵanlıǵın kóriwimiz múmkin.

Al qosıqtıń juwmaqlawshı bólimi bolsa kirisiwden paydalanılǵan halda jumaqlanǵan.




Kompozitor Qurbanbay Záretdinovtıń "Watan xorı"  menen tanısıp shıǵıw barısında kompozitor hám shayır tárepinen xor qánshelli dárejede sheber, sulıw, namasınıń janǵa jaǵımlılıǵın kóriwimizge boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – T. 2. – No. 3. – C. 270-273.

2. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – T. 2. – No. 10. – C. 818-821.

3. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – No. 7. – С.22-24.

4. Begis P., Kamalova G. M. SÓNBES JULDIZ //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – No. 2. – С. 55-59.

5. Aysawle J., Kamalova G. M. SAHRA BÚLBÚLI ROZA QUTEKEEVA //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – No. 2. – С. 60-66.

6. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – No. 10. – С. 880-884.

7. Segizbaeva G., Kamalova G. M. DEVELOPMENT OF THE ORCHESTRA OF MUSICAL INSTRUMENTS IN KARAKALPAKSTAN //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – No. 10. – С. 875-879.

8. Niyazbaeva A. J., Kamalova G. M. CHANQOVUZ MUSIQA ASBOBI VA UNING TURLARI //Journal of Integrated Education and Research. – 2023. – Т. 2. – No. 1. – С. 26-30.

9. Kamalova G. M. et al. QARAQALPAQTIŃ BAY MIYRASI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – No. 2. – С. 52-54.

10. Kamalova G. M., Axmetovna M. A. QOBIZ HÁM JIRAWSHILIQ DÁSTÚRLERIN SAQLAW //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. 9. – No. 1. – С. 123-126.

11. Kamalova G., Akhmetovna M. A. THE LEGACY THAT HAS COME DOWN TO US AS “JETI ASIRIM” //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т.9. – No. 1. – С. 117-122.
12. Kamalova G. M. et al. ÓZBEKSTAN XALIQ BAQSISI ǴAYRATDIN ÓTEMURATOV //TADQIQOTLAR. – 2023. – Т. 25. – No. 1. – С. 40-42.
13. Kamalova G. M. et al. ÓZBEK MUZIKASINDA BALALAR FOLKLORI //Journal of new century innovations. – 2023. – Т. 39. – No. 2. – С. 85-87.
14. Ǵaziynexan, D., & Gulmaryam, K. (2024). ÁBDIJAPPAR MÁMBETOVTIŃ PEDAGOGIKALIQ ISKERLIGI. Ustozlar uchun, 64(1), 126-13